



Pou Piblikasyon Imedya: 28/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK OTORITE PÒTYÈ NEW YORK AK NEW JERSEY ANONSE  
50 POUAN REDIKSYON NAN PRI POU AIRTRAIN JFK POU ANKOURAJE  
ITILIZASYON TRANSPÒ PIBLIK PANDAN AKTIVITE KONSTRIKSYON DETE  
MOUVMANTE NAN JFK**

*Yo prevwa vwayaj dete yo ta dwe depase 18 milyon pasaje nan JFK, yon nouvo rekò ak 700,000 anplis pase ane pase, amezi konstriksyon nouvo ayewopò a ap fèt*

*Apati 1 jiyè, tarif ale senp AirTrain JFK a pral redui a 4.25 dola jiska Fèt Travay la pandan Gouvènè a ap ankouraje aksè nan ayewopò a atravè metwo oswa LIRR soti nan Vil New York, Hudson Valley oswa Long Island*

*Otorite Pòtyè a ankouraje vwayajè yo pou yo vizite [Construction.JFKAirport.com](https://www.construction.jfkairport.com) pou mizajou sou konstriksyon ak konsèy sou wayaj anvan yo ale JFK*

Gouvènè Kathy Hochul ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey te anonse jodi a ke pri tikè yon vwayaj AirTrain JFK a pral redwi a 50 pousan apati 1 jiyè jiska Fèt Travay la pou ankouraje itilizasyon transpò piblik lè y ap antre nan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy. Yon kantite rekò vwayajè pral pran dekolè pandan pwojè transfòmasyon 19 milya dola ayewopò a, ki gen ladan yon rezo wout totalman nouvo, rive nan pi gwo aktivite konstriksyon ete sa a.

"Avèk konstriksyon transfòmasyon k ap fèt nan JFK, n ap pran dispozisyon pou diminye reta vwayaj yo epi afime sa ki te toujou vre - pa gen pi bon opsyon pase pran tren nan avyon an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kòmanse yon ete chaje, n ap rann li pi abòdab pou vwayajè yo sèvi ak AirTrain, sa ki ofri Nouyòkè ak vizitè atravè mond lan pi bon eksperyans vwayaj de klas yo merite."

Pri tikè 4.25 dola AirTrain JFK a aplike nan estasyon Jamaica ak Howard Beach, de estasyon andeyò ayewopò yo ki bezwen peman atravè OMNY oswa MetroCard. Jamaica se jis 20 minit soti nan Grand Central Madison, Penn Station, oswa Tèminal Atlantik atravè Long Island Rail Road, epi li fasil pou jwenn soti nan Long Island. Koneksyon tren fasil yo disponib tou nan estasyon metwo Sutphin Blvd-Archer Av-JFK Airport ak estasyon tren Howard Beach atravè liy A/E/J/Z.

Pou vwayajè ki dwe pran yon machin pou ale nan ayewopò a, Otorite Pòtyè a te louvri yon lokal pou depoze / vin chèche nan estasyon AirTrain JFK Lefferts Blvd ki nan ayewopò a, ki se yon vwayaj gratis dirèk ak 8 minit AirTrain pou ale nan tèminal ayewopò yo pou ede pasaje yo evite gwo blokis sou fasad tèminal yo. Pakin nan ayewopò a pral trè limite, epi pasaje ki planifye pou yo pakin yo ta dwe rezève davans nan [JFKAirport.com](http://JFKAirport.com) pou garanti yon plas.

**Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare,** "Nan mitan transfòmasyon monimantal JFK a, priyorite nou rete asire vwayajè yo gen aksè fyab nan mitan gwo konstriksyon. Lè nou diminye pri tikè AirTrain JFK nan mwaye ete sa a, n ap ankouraje transpò piblik pou nou ka fasilite konjesyon pandan kantite vwayaj ki tabli rekò yo. AirTrain JFK pral yon fason pou ale nan mwa k ap vini yo, epi Otorite Pòtyè ap rann li pi abòdab pou kliyan atravè rejyon an."

**Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare,** "Transfòmasyon istorik, yon fwa nan yon jenerasyon, 19 milya dola JFK ap pran elan chak jou. N ap antre nan peryòd konstriksyon pik nou an pandan n ap jere volim pasaje rekò, kidonk sikilasyon nan ayewopò an ete sa a pral trè gen blokis. Lè w ap vini oswa kite ayewopò a, nou pa ka rekòmande pi plis pou vwayajè yo sèvi ak anpil opsyon tren ak tren ki disponib byen. Pou sa, n ap mete aksan sou enpòtans transpò piblik lè nou redui pri tikè AirTrain JFK yo a 50% ete sa a. Yon nouvo JFK klas mondyal jis nan blòk la. Nou mande pasyans epi eskiz davans pou enkonvenyan sa te lakòz pandan peryòd konstriksyon an."

Analiz endistri yo ak Otorite Pòtyè te prevwa kantite rekò pasaje nan avyon ete sa a ki ta lakòz JFK jere 700,000 pasaje plis pase ete pase a. Depi kounye a jiska Fèt Travay la, ayewopò a pral fè fas a gwo defi volim rekò vwayajè nan avyon ansanm ak pi gwo aktivite konstriksyon pou redevlopman 19 milya dola JFK, se sèl pi gwo pwogram konstriksyon yo te antreprann jiska dat nan yon ayewopò Otorite Pòtyè.

**Nouvo Tèminal Youn** ayewopò a, yon **nouvo Tèminal 6**, yon nouvo sant transpò terès ak rekonstriksyon rezo wout JFK Otorite Pòtyè a ap fèt. Nouvo wout la pral fèt pou mennen vwayajè ale ak soti nan tèminal yo avèk dis kilomèt nouvo wout, 30 pousan mwens pwen desizyon chofè yo ak bokou mwens entèseksyon ki gen siyal. Konstriksyon yon wout 1.24 milya dola ak sant transpò terès te kòmanse prentan sa a.

Otorite Pòtyè te lanse yon kanpay medya konplè ki peye pou ogmante konsyantizasyon sou volim dosye ak enpak ki gen rapò ak konstriksyon, epi bay rekòmandasyon aksyon pou vwayajè yo, lè l sèvi avèk rechèch peye, sosyal, dijital, radyo ak plis ankò.

### **Transfòme JFK an yon Pòtay Global Klas Mondyal**

Nan mwa janvyè 2017, yo te anonse Plan Vizyon JFK pou transfòme JFK pou fè li vin yon ayewopò klas mondyal ke Nouyòkè yo merite. Plan Vizyon an bay yon kad estratejik pou Otorite Pòtyè ak patnè li yo pou yo konplètman reyamenaje, modifiye ak elaji enstalasyon ak enfrastruktir ki egziste deja. Devlopman 9.5 milya dola yon **Nouvo Tèminal Youn** dènye modèl ki pral jere bò sid ayewopò a te kòmanse an septanm 2022. Yon **nouvo Tèminal 6 ki koute 4.2 milya dola**, ki pral konekte san pwoblèm ak Tèminal 5

pou kreye yon tèminal ankraj sou bò nò ayewopò an, te kòmanse an fevriye 2023. [Ekspansyon nan Tèminal 4 la ki koute 1.5 milya dola](#), ki te dirije pa Delta Air Lines ak JFK International Air Terminal (JFKIAT), pratikman fini. Anplis de sa, [ekspansyon 400 milyon dola nan Tèminal 8 la](#), ki te dirije pa American Airlines, ki opere tèminal la, te fini an novanm 2022.

Tout pwojè tèminal ki gen finansman prive yo ansanm ak pwojè [wout](#), pakin ak enfrastrikti Otorite Pòtyè a reprezante yon transfòmasyon 19 milya dola JFK ak yon seri patenarya piblik-prive ekstrawòdinè. Evestisman kapital Otorite Pòtyè a ki se 3.9 milya dola ap pwofite investisman prive nan yon pousantaj ki plis pase kat rive nan en lè li konsidere investisman prive total ki plis pase 15 milya dola ki te angaje nan kat pwojè ki gen ladann pwogram reyamenajman JFK konplè a.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)